*Кудайбергенов Нурсултан Пахратдин улы*
*УДСМИ-Нф халық даналығы кафедраси*
*фолклор хәм етнография қанигелиги*
**3-курс студенти**

**Қарақалпақ халық қосықлары хәм оның өзгешеликлери**

**Аннотация.** Бул мақалада Қарақалпақ халқының миллий қосықлары намалары турлери, тарихий илимпаз изертлеушилери хәм қарақалпақ халқының фолкор китабы, дәстанлары терме толғаулар хаққында сөз етиледи.

**Гилт сөз:** бақсы хәм жыраӯ, магнит лентасы, «Есемурат жыраӯ Нурабуллев», «Қыяс жыраӯ Қайратдинов», «Асқар жыраӯ Бекеев», «Карам жыраӯ Нагымов», «Шамурат жыраӯ», «Жумабай жыраӯ Базаров», «Жақсылық жыраӯ Сырымбетов».

**Karakalpak folk song and its properties**

**Annotation.** This article presents the national songs of the residents of Karakalpakstan, historical science and the people's book of Karakalpakstan residents, epics are told in the terma tolgau section.

**Key words:** bakhshi and zhirov, magnetic tape, "Esemurat zhirov Nurabulev", "Kiyas zhirov Kairatdinov", "Askar zhirov Bekeev", "Karam zhirov Nagymov", "Shamurat zhirov", "Jumabai zhirov Bazarov", "Jaksilik zhirov Sirimbetov".

**Каракалпакский народный песня и его свойства**

**Аннотация.** В этой статье представлены национальные песни жителей Каракалпакстана, историческая наука и народная книга жителей Каракалпакстана, эпосы рассказываются в рубрике терма толгау.

**Ключевые слова:** бахши и жиров, магнитная лента, «Есемурат жиров Нурабуллев», «Кыяс жиров Кайратдинов», «Аскар жиров Бекеев», «Карам жиров Нагымов», «Шамурат жиров», «Жумабай жиров Базаров», «Жаксылык жиров Сырымбетов».

Қарақалпақ сойлеу тилинде қосық-сөзи 2 (еки) мәнисте қолланылады. Биринщиси қосық бул шайырлар жазған қосық қатарларын тусиндирсе, яғный қосық қатарларын оқыу дегенди билдирсе, екиншиси- қосық деп намаға салып айтылатуғын нама-қосығын билдиреди. Мысалыға: қосық оқыу, қосық айтыӯ дегендей еки манидеги сөзде де қосық сөзи айтылады. Қосық сөзиниң парқын, мәнисин, гаптиң мәнисине қарай тусиниледи.

Сонлайақ усы жыллары белгили бақсы «Қарақалпақстан халық бақсысы» хош хауаз бақсы хәм сазенде «Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық»тың лауреаты Генжебай Тилеумуратов Қарақалпақстан Республикасының барлық район, қала хәм ауыллары аралап халық арасынан шыққан белгили жыраӯ-бақсы, қыссахан, қосықшы хәм сазенделердиң атқарыуында, қарақалпақ халық қосықларын, дәстанларын, терме-толғау жырларын усы аты аталған өнер ийелеринен магнит лентасына жазып алады.

Буған мысал ретинде композиторлар Марқабай Жийемуратов тәрепинен нотаға тусирилген хәм 1992-жылы «Жыраӯ намалары» атлы ат пенен шығарған китабын келтириуди орынлы деп билемен. Усы топламда бақсы Генжебай Тилеумуратов тарепинен магнит лентасына жазып алынған қарақалпақ халқының белгили жыраӯларынан Есемурат жыраӯ Нурабуллев, Қыяс жыраӯ Қайратдинов, Асқар жыраӯ Бекеев, Карам жыраӯ Нагымов, Шамурат жыраӯ, Жумабай жыраӯ Базаров, Жақсылық жыраӯ Сырымбетовлардың атқарыуындағы бир қанша жыраӯ намалары, терме-толғаулары ортаға тусирилген.

Бул «Жыраӯ намалары» атлы китаптың оқыу қолланбасы ретинде пайдаланып атырғанын айрықша атап өтким келеди. Музыка мектеплери, мәдeният хәм көркем-өнер коллежлериниң фольклор бөлимлери оқыушылары хәм бизиң педагогикалық институтымыздын музыкалық тәлим болиминиң талабалары «Бақсы жыраӯ тийкарлары» сабагында оқыӯ қолланбасы ретинде кеңнен пайдаланып келмекте.

Усы жерде Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң искусство секторында жыйнаулы турған магнит лентасына жазып алынған қарақалпақ халық қосықларын, дәстан, терме толғаӯ, қыссахан намаларын ноталастырып китан етип бастырып шығарыуды қолға алса, көплеген ески умытылып баратылған намалар жарыққа шығар еди, деген пикирди айтып өтким келеди.

Қарақалпақ фольклорының 100 томлығын шығарыӯ устинде ис алып барылып атырган бир дауирде, бул халық косыкларын нотасы менен китап етип шыгарылса жузикке қас қондырғандай болар еди.

Әдебият тараӯында, Қарақалпақ халық қосықларын жыйнау әдебиятшы, тарийхшы алымларымыз тарепинен өткен әсирдин ягный XX әсирдин 30-жылларынан баслап қолға алына баслағаны белгили. Илимпазлардаң Н. Даукараев, К.Айымбетов, О.Кожуровлардың мийнетлеринде қарақалпақ халық қосықлары туӯралы көплеген пикирлер айтылады.

1959-жылдан баслап белгили алым, филология илимлериниң докторы, профессор Қабыл ага Мақсетовтың басшылығында Қарақалпақ фольклоры секторының хызметлери Қалбай Мамбетназаров, Насыр Камалов, А.Жамалов, А.Алимов, А. Тажимуратов х.т.б. да илимпазлар менен фольклор улгилерин халық арасынан жыйнаӯ басланады.

Шайыр Аденбай Тажимуратов усы фольклор секторының хызметлери тарепинен жыйналған материалар тийкарында 1965-жылы Қарақалпақстан баспасында «Қарақалпақ халық қосықлары»-атлы қосықлар топламын баспадан шығарады.

Қарақалпақ фольклорының көп томлылығының 5-томына А. Тажимуратов 1975-жылға шекем жыйналған материаллар бойынша алгы сөзин өзи жазып, 1980-жылы «Каракалпак халык қосықлары» деп 5 томды шығарыуға ериседи. Бул алғы сөзинде А. Тажимуратов халық қосықларының изертлениу, жыйалыу тарийхына улкен итибар берип, бул халық қосықларына жоқары баха береди. -«Хақыйқатында да халық қосықлары барлық уақытта адамның гоззаллыққа деген суйиушилигин арттырып, озиниң ен жаксы идеялары менен халық эстетикалық тәрбия берип отырады»-деген бахалы пикирди жуда жақсы келтиреди.

А. Тажимуратов озиниң кирис сөзинде халық қосықларының мийнет, мухаббат, балалар қосықларына, термелерге, тарийхый қосықларға, толғауларға, салт-дәстур жырларына кең таллау жасайды, өз пикирлерин исенерли мысаллар менен тастыйықлайды.

Қарақалпақ халық қосықлары ягный нама-қосықлары аййемги дауирлердең бугинги жақын кунлеримизге шекем ауыздан-ауызға, яғный жыраӯ-бақсылардын, сәзенде-гойенде, қысааханлардың хәм халық арасынан шыққан талант ийелериниң атқарыуында, айтыуында устаздан шәкиртке дегендей, бир-биринен ауызеки өтип, бизиң дәуиримизге жетип келгенлиги хаммеге белгили. Қарақалпақ халық қосықлары, намалары әдебият, суӯрет салық, театр өнери сыяқлы, улыума миллий мәдениятымыздың ажыралмас бир болеги болып табылады.

Бирақ та музыка өнери, көркем-өнердиң басқа турлеринен айырмашылығы сонда 1930-жылларға шекем тек ауызеки ядлап алыӯ арқалы жетип келгенлиги мәлим.

Қарақалпақ музыкасында жеке профессионал атқарыушылар тәрепинен дөретилген классикалық ауызеки профессионал музыка улкен орын ийелейди.

Классикалық яки ауызеки профессионал музыка дегенде, музыка өнерин өзлериниң негизги кәсиби етип, узақ дәуирлерден берли дөретилип, сақланып,

раўажланып киятырған профессионал жеке атқарыушылардың дөретпелери нәзерде тутылады.

Бул шығармалар халықтың узақ жыллық музыка мийраслары тийкарында дөреген, улкен тажирийбелердиң натийжеси. Олардың авторлары болған талантлы бақсы-жыраўлар, қосық-дәстанларды атқарып, халықтың алғысына сазауар болып ғана қоймастан, саз хәм намалар дөреткен биринши компазиторлары да болады. Шын манисинде олар, белгили музыкалық сауатының болмағанына қарамастан өз дөретпелерин еситиу (Слух) арқалы, ауызеки туринде дөретип, кең халық массасына жеткере билди. (Т. Адамбаева. «Революцияға дейинги қарақалпақ музыкасы» 1976-ж 24-бет).

«Қарақалпақ халық қосықлары халықтың узақ жыллық музыка мийраслары тийкарында дөреген, улкен тәжирийбелердиң нәтийжеси. Олардың авторлары болған талантлы бақсы-жыраўлар, қосық-дәстанларды атқарып, халықтың алғысына сәзауар болып ғана қоймастан саз хәм намалар дөреткен биринши композиторларыда болады.

Шын мәнисинде олар белгили музыкалық сауатынын болмағанына қарамастан өз дөретпелерин еситиу (слух) арқалы ауызеки туринде дөретип, кең халық массасына жеткере билди»- деп жазады Т. Адамбаева өзиниң «революцияға дейинги қарақалпақ музыкасы» атлы мийнетинде (24-бет).

Бул халық композиторларының намалары бизиң заманымызға көп дәуирлерди атлап, бир неше талант ийелериниң қолынан өтип келиуине қарамастан, көпшилик намалардың өзиниң дәслепки оригиналлығын сақлап киятырганлығын хәзирги қолда бар музыкалардың мысалында көрип отырмыз.

Бул халық қосықларының узақ дәуирлерден берли есте сақланып келиуи, олардың терең мазмунлы, кушли идея, писиклиги хәм өмир шынлығын апиуайы және көркем етип бере билиуинен десек болады.

Олар халық журегине жақын хәм узақ әсирлер, жыллар дауамында әжайып намаларды дөретип, оларды халық арасында таратып өзинен соңғы шәкиртлер таярлап хәм оларға да бул намаларды уйретип келген бақсыларды «Нама дөретиуши халық композиторлары десек те болады»-деп белгили алым апамыз Т.Адамбаеваның айтқан пикирине толық қосылыуға болады.

Халық бақсыларының хәзирге шекем бизге белгилилери-Гарипнияз, Ахымбет, Мууса, Суйеу, Шерназар, Арзы, Жуман х.т. басқалар. Олар дөретип қалдырған «Муса сен яры», «Жыгалым», «Арыухан», «Мухаллес»тиң турлери, «Ешбай», «Дембермес», «Сапалы келди», «Сарбиназ», «ш-топ», «Хожа бала»,

«Мертеуил», «Ираний», «Сен яр кал енди», «Бозатау», «Кунхожа» «Налыш», «Теке налыш», «Хашым палуан», «Жети асырым» х.т.б.

Сазлардаң «Нама басы», «Ак ишик», «Суу серпер», «Мын тумен», «Нар ийдерген», «Карадали», «Жарганат», «Торгай намасы», «Кара-жорга», «Назлы», «Илме-султан», «Калкалы», «Даснама», «Шерназар намасы», «Зийуаржан» т.б. усыған қусаған улыума жузден аслам нама хәм сазлар қарақалпақ халық композиторларының (ягный нама дөретиуши бақсыларының) классикалық яки ауыз еки профессионал музыка фондына киреди.

Бул классик намалардың дөрелеуиндеги өзгешеликлеринен бири, олар көбинесе классик шайырлардың Кунхожа, Әжинияз, Мактумкулы, Бердак, Өтеш х.т.б. шайырлардың шығармаларынын текстлерине хәм халық дәстанларының текстлерине дәстандағы кахарманлардың қуўаныш, куйиниш, суйиниш харекетлерине арнап, мазмунына, қарай жақынластырылып дөретилген.

Әпиуайы қосықлар менен қыйын формада, озиниң раўажланған мелодиясы, формалық қурамалылығы хам атқарыушылық қыйынлығы жағынан атқарыушыдан улкен шеберликти, канигеликти талап етеди.

Соның ушын жайдары, апиуайы халық қосықларындай кез келген қосық айтыуға уқыбы бар атқара бермей, атқарыушыдан узақ таярлықты хәм кушли шыныгыуды, шеберликти, қосық айтыуға уқыплылықты талап етеди.

Халық қосықларынаң «Муса сен яры», «Ешбай», «Хожа бала», «Кунхожа» «Адыннан» х.т.б. намаларды кез келген бақсыларда жақсы атқара билмегени сыяқлы, халық тили менен айтқанда «дуўтардың қулағына булбил қондырған»- ең атақлы бақсыларда бир неше жылларға устазға ерип, шәкиртлик мектептен суринбей өткеннен кейин ғана атқарыуға журекелилик еткен.

Бул намаларды атқарғанда хауижине шыға алмай, ямаса қайырымына келгенде қайтара алмай, яки наманы дурыс шерте алмай қалса, устазында, тынлаушыларды да ренжитиуи сөзсиз екенин шәкиртлер жақсы билген.

Халық намаларын толық шертиудиң қыйыншылығы жонинде халық нақылында- «Дуўтар бирде жет жылда, бирде қырқ жылда бойсынады, бирде дартлиге жолдас» делинген. Бул халық тилиндеги асыра силтеген сөзлер болған менен дуўтар шертиу, улыума бақсышылық өнерин ийелеудеги қыйында мушкил исти көрсетиу арқалы турмыс хақыйқатлығын аңлатады.

Халық намаларын шебер өзлестирген бақсыларды профессионал атқарыушылар, ал олардың дөреткен хәм атқарған намаларын ауыз еки профессионал музыка деп атайды. Музыка изетрлеушилери, музыка сыншылары,

халық намаларын «Қарақалпақ ауыз еки профессионал музыкасы»-деп жургизеди.

Қарақалпақ халық намаларының негизги атқарыушылары- атақлы бақсылар, сәзенделер болғанлықтан, олар көбинесе импровизатор дәрежеде болған. (Импровизатор- бул суўырып-салма, тез жаңалық киргизиуши намаға өзгерислер киргизе билиуши, намаларды турли муқамға дөндире билиушилерди айтады).

Бақсылардың репертуарында тийкаргы орынды ашықлық хаққындағы халық дәстанлары- «Гарип ашық», «Саятхан-Ҳамра», «Ҳурлика-Ҳамра», «Юсип-Ахмед», «Горуглы», «Даулетярбек», «Кырмандали», «Ашық Нажеп» т.б. есапланып, оларды профессионал бақсылар атқарғанда дәстандагы «Насрий»-жай сөзлерди (қара сөз) речитативли-декламациялық усыл менен атқарса, ал лирикалық моментлердеги қахарманлардың диолог хәм монологларын дуўтарға қосып намаға салып атқарады.

Сонлықтан да, қарақалпақ музыкасының бул тури өз ишине речитативли-декламациялық форма менен қосық айтыў өнери екеуиниң бирикпеси тийкарында дузиледи.

Қарақалпақ халық намалары өзлериниң қурылысы жағынан апиуайы хәм қурамалы болып келиуи жағынан еки топарға бөлинеди.

Биринши топарға- мелодиялық жақтан кута женил, тез есте қалатуғын, қысқа формада дузилген келте намалардан ибарат. Бул топардағы әдетте қысқа ғана, ықшамлы, 7,8,11-бууынлы қосық қатарларына қуралған болады. Қосық қатарын сай намасы да қысқа болып, қосымша созлер менен мотивлер қосылып кенейип келмейди.

Олардың бастан аяқ музыкалық қурылысы, айтарлықтай көлемли болмай 16 такттен, 30 тактлер аралығында ғана дузилген. Бул топардағы намалардың мотиви айтарлықтай кең хәм узын болмай, бир, еки, ең асып кетсе уш мотивтен қурылып келеди. Мысалы: Муўса намасын, Ийгелай, Хансаят намаларын алып қарасаныз буган далил бола алады.

Екинши топарға киретуғын намаларын болса дәслепкиге қарағанда мелодиялық қурылысы жағынан кең хәм рауажланған мелодиялы, қурамалы болып келеди.

Бул екинши топарға киретуғын қосықлар көбинесе 12-14-15-16-буўынлық қосық текстлерине қурылған болып, соған сайкес мелодияда узын, кеңнен рауажланып келеди. Буннан тысқары оған тағы да қосымша сөзлер қосылып, мелодияның бағыты кенейип отырады. Наманың колеми де 110-150-200-ден

аслам тактке шекем созылып та отырады. Халық қосыкларының турлери оғада көп болып, мелодиялық қурылысы, формасы хәм атқарыушылық усылы жағынан тар диапазонлы хәм кең диапазонлы қосықлар болып келеди.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Қ.Айымбетов «Халық даналығы», «Қарақалпақстан» Нөкис баспасы 1968-жыл 90-бет.
2. Қабыл Мақсетов «Қарақалпақ жыраў бақсылары» «Қарақалпақстан» баспасы Нөкис – 1983-жыл. 26-41-бетлер
3. Қабыл Мақсетов «Қарақалпақ жыраў бақсылары» «Қарақалпақстан» баспасы Нөкис – 1983-жыл. 93-108-бетлер.
4. Tajimuratova, S. (2023). FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY. Modern Science and Research, 2(5), 196-203.
5. Тажимуратова, Ш. С. (2023). САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ